*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№119 (26571)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 8 июль – сусæны мæйы 8 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 ÆМБЫРД
Продукцийы хæрзхъæддзинадмæ – каст
3 НЕ 'ГЪДÆУТТÆ
Хетæджы Уастырджи
4 КОНКУРС
Цæгат Кавказы хуыздæртимæ

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923




## Арфæтæ

**_Зынаргъ Цæгат Ирыстоны цæрджытæ!_**

*Бинонты боны фæдыл уын арфæ кæнын. Ацы бæрæгбонæн стыр ахадындзинад ис, æвдисæг у, бинонтæ цы рæсугъд æмæ фидар бындурыл æнцой кæнынц, адæймаджы уды хæзнатæ, ныййарджытæм рæсугъд зæрдæйы ахаст, сывæллæттыл сагъæс кæныны, кæрæдзийыл æнувыд æмæ бæрнондзинад хæссыны миниуджытæ.*

*Ирыстонæн бинонтæ сты фæзминаг хъомылад æмæ хæрзæгъдау фæлтæрты бындур. Бинонты 'хсæн саби, фыццаджыдæр, базоны, цы у хорз æмæ æвзæр, хистæртæн аргъ æмæ кад кæнын. Фыдыбæстæ уарзын, хиуæтты раз бæрнондзинад хæссын. Уды ацы хæзнатæ нырыккон рæстæджы тынгдæр хъахъхъæнын хъæуы. Фидар бинонтæ адæймагæн ахъаз сты цыфæнды цæлхдурты сæрты ахизынæн дæр, æнцой æмæ ныфсдæттæг. Ахæм бинонтæй рауайы тыхджын æхсæнад дæр, тыхджын республикæ æмæ бæстæ.*

*Уæлдай арфæйы ныхæстæ мæ зæгъын фæнды бирæсывæллонджын бинонтæн, дæсгай азты бинонты амонд фæрнæй чи хæссы, арфæ кæнын уыцы ныййарджытæн, сæ хъæбулты не 'гъдæутты бындурыл чи хъомыл кæны, фæллой æмæ Фыдыбæстæ уарзыныл сæ чи ахуыр кæны, уыдонæн. Дунейы цæрæг æппæт бинонтæн дæр мæ зæрдæ зæгъы сабырдзинад. Алкæй хæдзарæй дæр сывæллæтты худын хъуысæд, сæ сомбон фæрнджын æмæ амондджын уæд.*

*Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд, ме 'мзæххонтæ!*

**_Сергей МЕНЯЙЛО,_**
**_Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг_**

**_Зынаргъ Ирыстоны цæрджытæ!_**

*Абон бæрæг кæнæм нæ царды рухсдæр, ирддæр æмæ хæлардæр бæрæгбæттæй иу – Бинонты бон. Алкæмæн дæр нæ бинонтæ сты йæ царды бындур æмæ дывæр хъарутæ, æнцой, уæлтæмæнад æмæ ныфсы артдзæст. Бинонты 'хсæн æрбангом вæййынц фæлтæртæ: хистæртæ æххуыс кæнынц кæстæртæн сæ царды нысантæм ныфсджынæй цæуыны фарстаты, сæ зонд æмæ фæлтæрддзинад сын бахай кæнынц. Хæдзары сахуыр вæййæм нæ Фыдыбæстæ уарзын, истори æмæ удварнон-культурон хæзнатæн аргъ кæнын, нæ фыдæлты рухс ном зæрдыл дарын.*

*Ирыстоны алы рæстæджыты дæр бирæ фæлтæрты фидар бинонтæ уыдысты нæ фыдæлты æнусон традицитæ æмæ æгъдæуттæ хъахъхъæнæг, хистæртæн аргъгæнæг, хиуæттыл аудæг æмæ фæллойы бæрнон уæвæг. Æмæ нæм цас фылдæр уа ахæм бинонтæ, уыйас фидардæр æмæ тыхджындæр кæндзæн нæ республикæ, Уæрæсе.*

*Ацы кадджын бон уын мæ зæрдæ зæгъы фидар æнæниздзинад, уæ алы хъуыддаджы дæр стыр æнтыстдзинæдтæ. Уæ хæдзæртты амонд æмæ фарн цæрæнт!*

**_ТУСКЪАТЫ Таймураз,_**
**_Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар_**

# Уарзон æмæ иузæрдион бинонтæ

**Фæстаг бæрæггæнæнтæм гæсгæ Ирыстоны цæры 12,5 мин бирæсывæллонджын бинонтæ. Сæ нымæц цадæггай фылдæргæнгæ цæуы, æмæ сыл 2030 азмæ, статистикты нымадмæ гæсгæ, хъуамæ бафта 15 проценты.**

**Гусаты Олег** æмæ **Фæрниаты Мæдинæ** къайад куы сфидар кодтой, уæдæй бирæ рæстæг нæ рацыд. Ныр бирæсывæллонджын бинонтæ сты, рантыст сын æртæ хуры тыны хуызæн хъæбулы – дыууæ лæппуйы æмæ чызг. Цæрынц, кусынц, цардæн амæлттæ кæнынц Нартыхъæуы. Сæ цот **Алыксандр, Алан** æмæ **Лаурæ** скъоладзаутæ сты, ахуыр кæнынц бынæттон скъолайы райдиан кълæсты. Куы бахъомыл уой, уæд цавæр дæсныйад равзардзысты, уый бæлвырд нæма зонынц. Бирæ цæуылдæрты æвзарынц сæхи. Лæппутæ, сæ фыдау, хъæды куыстмæ æмхиц сты, уарзынц алыхуызон конструкцитæ æмбырд кæнын. Хорз сын уайы хæдтулгæтæ, цæрæгойтæ, æндæр дзауматæ аразын. Чызг тырны ныв кæнынмæ, уарзы музыкæ, зары. Нырма уал бинонты 'хсæн, наужд, сæ хæдзары хиуæттæ куы 'рбамбырд вæййынц, уæд. Чи зоны, аивадмæ йæ уыцы тырнындзинад фидæны æркæна дæсныйад равзарынмæ. Сабитæ нырма рæзты къахыл лæууынц, цæуы уал сыл æрмæстдæр авд, фараст æмæ дæс азы. Æмбаргæ, цæрдæг æмæ тæлфаг сывæллæттæй рæзынц, фæлæ ныййарджыты алы ныхасæн дæр аргъ кæнынц.


Олег æмæ Мæдинæ сæ хæлар бинонтимæ

Хæдзары хицау Олег йæ рæстæджы каст фæцис Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты экономикон факультет, дзæвгар рæстæг куыста Белоруссийы, фыццаг къахдзæфтæ хъæды куысты æфсымæрон паддзахады акодта. Бауарзта ацы куыст æмæ, фæстæмæ Ирыстонмæ сыздæхгæйæ, ацы къабазы йæ архайд дарддæр ахæццæ кодта. Йæ фыдызæххыл сарæзта хæдзар, йæхи къухтæй йæ бабæстон кодта. Амалхъом адæймаг байгом кодта хъæдæй хæдзары дзауматæ аразæн цех æмæ дзы кусы, йæ бинонты дары. Нæлгоймаджы хорзгæнæг сылгоймаг у, хуымæтæджы нæ фæзæгъынц, йæ бинойнаг Мæдинæ йæ фарсмæ лæуд у æдзух.


Лаурæ, Алан æмæ Алыксандр

– Мæ фыд Беслауыры тынг фæндыд, цæмæй экономист суон. Фæлæ йæ куы базыдта, журналистæй кусын мæ фæнды, уæд мæ ныхасыл дыууæ нал загъта, æмæ дзы уымæй бузныг дæн, – зæгъы Мæдинæ. Йæ бæллиц сæххæст, сырх дипломимæ каст фæцис паддзахадон университеты журналистикæйы факультет. Фæндзæм курсы ма ахуыр кодта, афтæ кусын райдыдта, уæлдæр ахуыргæнæндоны цы телеуынынад байгом, уым. Уыйфæстæ – Дзæуджыхъæуы мэрийы пресс-службæйы, стæй та – республикæйы Сæргълæууæг æмæ Хицауады администрацийы пресс-службæйы. Гатеты Беллæимæ цы репортажтæ цæттæ кодтой, уыдон иннæтæй хицæн кодтой рæстæгæй домгæ темæтæй. Æртæ сывæллоны мад йæ куыст нывондæн æрхаста бинонты хорздзинадæн æмæ нæ фæсмон кæны. Декреты фæстæ кусынмæ рацыд Нартыхъæуы скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй. Ахсджиаг æмæ нырыккон царды домæнты аккаг фæндон! Ахуырады домæнтæ æххæст кæнынæй уæлдай, архайы скъоладзауты зонындзинæдтæ фылдæр кæныныл, æмæ йын æнтысгæ дæр кæны.

«Æнгом бинонтæ цард арынц», зæгъы ирон æмбисонд. Кæрæдзийы æмбарын, кæрæдзийæн аргъ кæнын, æнгомæй цæрын æмæ фидæнмæ дзаг цæстæй кæсын æмæ йыл æууæндын – уыцы миниуджытæ сты ирон фæрныг бинонты царды бындур. Хайджын дзы уæнт бирæнацион Ирыстоны бинонтæ!

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

Культурæ

# Фестиваль райдыдта



**«Вахтангов. Путь домой» – æртыккæгæм ацы фестиваль та ногæй Дзæуджыхъæуы йæ фыццаг къахдзæф акодта.**

Фестиваль райдыдта, амæй размæ куыд уыд, афтæ: нæ горæты сæйраг уынг – Сабырдзинады проспектыл – рæсугъдæй, хъæлдзæг æмæ бæрæгбонхуызæй ацыдысты йæ архайджытæ – алы адæмыхæттыты национ уæлæдарæсы бынæттон æмæ, уазæгуаты нæм чи 'рцыд, уыцы артисттæ, кафджыты æмæ музыкалон коллективтæ, уынгты сæ реквизиттæ равæргæйæ, адæмæн сæ спектакльтæ чи равдисы, ахæм театрты артисттæ, нæ республикæйы цæрджытæ æмæ уазджытæ. Уарын дæр нæ баурæдта адæмæн сæ цин æмæ хъæлдзæгдзинад. Бирæтыл уыд хъæбæр гæххæттæй арæзт костюмтæ. Кæй фæндыд, уыдонæн сæ алкæмæн дæр сæрмагондæй цæттæ кодтой, Сабырдзинады фæзыл чи æрбынæттон, уыцы æрмадзы дæснытæ.





Проспектыл цæуджытæн сæ разæй «цыд» принцессæ Турандот – Карло Гоццийы зындгонд аргъауы персонаж. Спектакль «Принцесса Турандот» 1922 азы Мæскуыйы аивадон театры (МХТ-йы) æртыккаг студийы сценæйы сæвæрдта Евгений Вахтангов. Уый уыд йæ царды фæстаг æнтыст... Уæдæй фæстæмæ спектакль ссис, театрæн ном чи скодта, ахæм.

Дзæуджыхъæуы Сабырдзинады проспектыл диссаджы парады фæстæ Сабырдзинады фæзыл мæскуыйаг театр «Злые рыбы» равдыстой, арты стъæлфæнтæ æмæ музыкæйæ йе 'дзаг чи уыд, ахæм спектакль.

Дарддæр, фестивалы программæмæ гæсгæ, абон, 8 июлы, Вахтанговы хæдзары арт-кафейы арæзт æрцæудзæн ахуырадон программæ. Сихоры 12 сахатæй изæры авд сахатмæ уазджытæн сæ бон байхъусын уыдзæн **Вадим Верникы** лекцимæ «Лица эпохи. **Майя Плисецкая**» æмæ **Валентина Федоровайы** лекцимæ «Рубен Симонов».

Изæры авд сахатыл та Мариинаг театры хайады сценæйы М.Шкетаны номыл Республикæ Марий-Элы Драмæйы национ театр равдисдзæн Михаил Булгаковы радзырдтæм гæсгæ æвæрд спектакль «Записки юного врача».

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ,**
**къамтæ систа Татьяна ШЕХОДАНОВА**

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **8 июлы** уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **19-22 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 15,12 | Хурыскаст — 04,31<br>Хурныгуылд — 19,43 | Валютæйы аргъ | Доллар — 77,97<br>Евро — 89,26 | 12 + |

**Æмбырд**

# Продукцийы хæрзхъæддзинадмæ – лæмбынæг каст



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ разамындæй арæзт æрцыд Цæгат Ирыстоны Промышленнон продукцийы æнæзакъон зилдухы ныхмæ къамисы дыккаг æмбырд афæдзы райдайæнæй. Кæсæг-Балхъар æмæ Цæгат Ирыстоны «Россельхознадзор»-ы управленийы разамонæджы хæдивæг Дмитрий АБОНЕЕВ радзырдта, ведомствæ цы мадзæлттæ аразы республикæйы тæссаг продукцийы зилдух ма ‘руадзыны ныхмæ, уыдоныл.**

Афтæ, хойраджы паддзахадон федералон цæстдарды фæлгæты 2026 азы дыккаг квартæлы систой хойраджы продукцийы 17 пробы. Истой сæ социалон æгъдауæй ахсджиагдæр уагдæттæн фосы продукттæй хойраг цæттæгæнæн куыстуæтты. Лабораторон бæрæггæнæнтæм гæсгæ, специалисттæ нæ раиртæстой домæнтæн дзуапп нæ дæттыны цаутæ.

«Россельхознадзор» тынг лæмбынæг кæсы, цæстдарæн-уадзæн пункт «Уæллаг Ларс»-ыл фæсарæнтæй цы продукци ласынц, уый хæрзхъæддзинадмæ. Æркастысты, паддзахадон ветеринарон службæ йæ цæст цы товармæ дары, уымæ – æдæппæтæй, 2,8 мин тоннæйы чи ‘рбаласта, ахæм 240 транспортон иуæгмæ. Уыдон уыдысты кæсаг, æхсыр æмæ дзидзайы продукци, хойрагмæ æфтауæнтæ. Бæрæггонд дзы æрцыд 6 халæн цауы – уыцы уæззæгтæ æрурæдтой æмæ сæ фæстæмæ, цы бæстæтæй æрбацыдысты, уырдæм аздæхтой.

Сергей Меняйло Цæгат Ирыстоны Хъæууон хæдзарады министрад æмæ «Россельхознадзор»-ы управленийæн бафæдзæхста иудадзыг хъæууонхæдзарадон продукци уадзджытæн продукцийы æдасдзинады закъоны домæнтæ æмбарын кæнын æмæ профилактикон мадзæлттæ аразын, стæй адæммæ хæццæ кæнын тæссаг продукци балхæныны фæстиуджыты хъусынгæнинаг. Регионы ветеринарон службæйæн хæсгонд æрцыд фосы æнæниздзинад æмæ дзы цы продукци исынц, уый хæрзхъæддзинадмæ лабораторон цæстдард фæтыхджындæр кæнын. «Роспотребнадзор»-ы управлени дарддæр дæр иудадзыг бæрæг кæндзæн, ресторантæ, кафетæ æмæ хæрæндæтты продукци цавæр уавæрты дарынц æмæ дзы куыд пайда кæнынц, уый. Сергей Меняйло куыд бафиппайдта, афтæмæй сæрмагонд цæстдард хæринаггæнæн блоктæм хъуамæ уа социалон объекты – скъолаты, рæвдауæндæтты, рынчындæтты æмæ афтæ дарддæр.

Æмбырды ма ныхас кодтой артаг æмæ сæрдæн æрмæг æнæзакъонæй аразын, ласын æмæ уæй кæныны ныхмæ мадзæлттыл. РЦИ-Аланийы мидхъуыддæгты министрады экономикон æдасдзинад æмæ коррупцийы ныхмæ архайæг управленийы хицау **Дзантиаты Юри** фехъусын кодта, республикæйы артаг æвгæнæн станцæты тæссаг продукци æмæ товартæ дарын, ласын æмæ уæй кæныны цаутæ раргом кæныны куыст æнæрлæугæйæ кæй цæуы, уый. Ацы азы фондз мæймæ мидхъуыддæгты оргæнты кусджытæ сбæлвырд кодтой артаг уæй кæнынимæ баст иу экономикон фыдракæнд, фараст уголовон хъуыддаджы арæзт æрцыд, нефть æмæ газы хæтæлтæм йæхи чи бафтыдта, уыдоныл.

Æмбырды куыд загътой, афтæмæй республикæйы ис, нефты продукттæ уадзын йæ бон кæмæн у, ахæм куыстуæттæ. Сергей Меняйло бахæс кодта сбæрæг кæнын, сæ продукци кæм æмæ кæмæн уæй кæнынц, уый, цæмæй артаг æмæ сæрдæн æрмæг æнæзакъонæй уæйгонд ма цæуа.

Цæстдард цæуы Цæгат Ирыстоны таможняйы ‘рдыгæй, республикæйы фæзуатмæ цы артаг æмæ сæрдæн æрмæг ласт цæуы, уымæ дæр. Уыцы мадзæлтты руаджы ацы аз къухы бафтыд ахæм цауты нымæц, 2025 азимæ абаргæйæ, фондз хатты фæкъаддæр кæнын. Уый тыххæй фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны таможняйы хицау **Цегойты Георги.**

Æмбырды архайджытæ ма æркастысты интернет-фæзуæтты, уыдонимæ – маркетплейсты æнæзакъонæй товартæ уæй кæныны цаутæ ма ‘руадзыны фарстамæ.

– Абон къамисы цы фарстатæм æркастыстæм, уыдон тынг ахсджиаг сты, уымæн æмæ æнгом баст сты нæ республикæйы экономикæ æмæ йæ цæрджыты фæрныгадимæ. Хицауады æппæт къæпхæнты оргæнтæ хъуамæ алцыдæр саразой базарады, артаг æмæ энергетикæйы комплекс æмæ иннæ къабæзты сусæгæй уæй кæныны цаутæ ма ‘руадзыны тыххæй. Мæнмæ хъусынгæнинаг æрвылбон дæр вæййы, артаг куыд хæццæ кæны æмæ хардзгонд цæуы, уый тыххæй. Уавæрмæ иудадзыг лæмбынæг кæсæм. Не ’ппæты хæс дæр у артаджы продукцийы æнæзакъон зилдух ма ‘руадзын, – фæбæрæг кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Адæмты иудзинады аз**

# Сывæллæттæн – бæрæгбон



**Дзæуджыхъæуы Æхсæнадон советы уæнгтæ Белоруссийы республикæйы Хæдбардзинады боны кадæн сывæллæтты санатори «Тæмискъ»-ы скодтой хæлардзинады бæрæгбон. Конд æрцыд республикæйы Национ политикæйы æмæ æддагон бастдзинæдты министрады, Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администраци æмæ хæрзаудæн организациты руаджы.**

Ныртæккæ санаторийы сæ фæллад уадзынц Донецкы Адæмон Республикæйæ 35 сывæллоны, семæ – ирон диаспорæйы разамонæг **Бæззаты Еленæ** æмæ йæ хæдивæг **Мария Ермак**. Сæ фæллад суадзынмæ ссыдысты РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** хуындæй. Сывæллæттæн равдыстой бæрæгбоны концерт, се сфæлдыстадимæ сæ базонгæ кодта коллектив «Тропинка», алы сывæллон дæр райста лæвæрттæ, призтæ. Бæрæгбоны архайджытæн æмхуызонæй уыд зæрдылдарæнтæ.

«Тæмискъ»-ы санаторийы сæ фæллад чи уадзы, уыцы сабитæ Белоруссимæ се ‘мбæлттæм арвыстой видеосидт, раарфæ сын кодтой Хæдбардзинады боны фæдыл. Цæгат Ирыстоны цы белоруссаг диаспорæ ис, уый бæрæгбон саразджытæн ратта Арфæйы фыстæджытæ, дыууæ адæмы кæй æрбангом кодтой, уый фæдыл сын бузныг загъта диаспорæйы разамонæг **Валерий Устинов**.

Сывæлæттæ æмхуызонæй хъæрæй дзырдтой «Ирыстон» æмæ «Белорусси» дзырдтæ. Уымæй æвдыстой сæ хæлар ахастытæ. Уыцы бон ма Хæлардзинады республикон хæдзары скодтой литературон-музыкалон композици «Дыууæ хойы», баст уыд Белоруссийы культурæ æмæ традицитимæ. Уым архайдта Белоруссийы Минæварады хайады разамонæг **Игорь Щеглов**. Минæварад ис Краснодары.

Цæгат Ирыстоны национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министр **Бæгъиаты Алан** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ахæм фембæлдтытæ, бæрæгбæттæ ахсджиаг сты нациты ‘хсæн бастдзинæдтæ фидар кæнынæн. «Æрыгæттæ кæрæдзи хуыздæр хъусынц хъæзтыты, ныхæсты, иумæйаг культурон бынты кой кæнгæйæ. Кад кæнын райдайынц алы адæмыхæттыты минæвæрттæн, сæ удты бынат æрцахсынц алы адæмтæн кад кæныны, уарзыны æнкъарæнтæ. Адæмты иудзинады аз ахæм нысантæ хорз сахаддзысты адæмты хæлардзинадыл», – загъта министр.

**ХЪАЙТЫХЪТЫ Тамарæ, Национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министры уынаффæгæнæг**

**Национ проект**

# Сæвæрдтой нырыккон аппарат

**Сывæллæтты республикон клиникон рынчындон райста нырыккон аппарат, уый руаджы дохтырты бон уыдзæн электроэнцефалографи кæнын. Эпилепсийæ æмæ æндæр неврологон низтæй гуырысхойаг сывæллæтты иртасдзысты регионы медицинон фæдзæхстады полисы фæрцы.**

**Раздæр ахæм иртасæн скæныны тыххæй цæгатирыстойнæгтæ цыдысты хицæн адæймæгты клиникæтæм кæнæ бæстæйы иннæ регионтæм. Ног аппараты руаджы кæнæн ис дæргъвæтин иртасæнтæ, уый руаджы низ рахатдзысты бæстонæй, дзæбæхгæнæн мадзæлттæ дæр рæвдздæр снысан кæндзысты.**



**Специалисттæ куыд зæгъынц, афтæмæй хъуыддаг ныййарджытæн дæр ахсджиаг у: низ цас тагъддæр равзарой, уыйас сывæллон рæвдздæр райсдзæн æмбæлгæ хостæ. Республикæйы разамынд рынчындæттæ нырыккон аппараттæй ифтонг кæныныл архайы, Цæгат Ирыстоны цæрджытæн фадæттæ аразы. Афтæмæй сæ æндæр регионтæм цæуын нал хъæудзæн.**

**Ацы хъуыддæгтæ конд цæуынц национ проект «Дæргъвæтин æмæ сæрæн цард»-ы фæрцы.**

*Нæ уацхæссæг*

**Бинонты æппæтуæрæсеон бон**

# Хиуæттыл – æнувыд

**«Хæстон уавæрты архайгæйæ, æрвылбон кæд тынг бирæ зындзинæдтæ бавзарын, уæддæр фæбæллын мæ бинонтимæ ногæй фембæлынмæ, кæрæдзиуыл зæрдиагæй куыд бацин кæнæм, афтæ».**



Ацы ныхæстæ загъта сæрмагонд æфсæддон операцийы цæрайуаг архайæг **Гæззаты Давид**. Сæрмагонд операцийы архайыны агъоммæ куыста барадхъахъхъæнæг оргæнты, куыстæй уæгъд рæстæг та-иу бацыд таксийы службæмæ, æмæ-иу ын уæлæмхасæн капекк бакусыны фадат уыд. 2014 таксийы радон заказ æххæст кæныны рæстæг лæппулæг базонгæ Венерæимæ. Фæстæдæр дыууæ æрыгон адæймаджы сæ цард баиу кæныны фæнд скодтой æмæ ныр дыууадæс азы дæргъы кæрæдзи æмбаргæйæ, æмудæй цæрынц. Рантыст сын дыууæ æвæджиауы сывæллоны: иуæндæсаздзыд **Данæ** æмæ æртæаздзыд **Мæирбег** (лæппуйыл ном сæвæрдтой йæ фыдыфыды кадæн).

Ныр цалдæр азы дæргъы Давид ис сæрмагонд æфсæддон операцийы тæлмы. Кæй зæгъын æй хъæуы, бинойнæгтæ кæрæдзийæ рæстæгмæ кæй фæцух сты, уымæн быхсыныл архайынц, фæнды сæ кæрæдзиимæ фембæлын, сæ цард ногæй иумæ куыд цæуа, афтæ. Цардæмбал æмæ цотæй уæлдай, æфсæддон службæгæнæгмæ хæдзары æнхъæлмæ кæсынц йæ мад **Гульнази**, стæй хотæ **Зæлинæ** æмæ **Томæ**. Давид, отпусчы уæвгæйæ, цыбыр рæстæгмæ йæ црайуаг хæдзармæ æрбацæуы, бинойнæгтæ кæрæдзиуыл æхсызгонæй сæмбæлынц, бацин кæнынц, алкæйдæр фæнды, цæмæй сæрмагонд æфсæддон операцийæн рæвдздæр кæрон æвæрд æрцæуа, уый.

Райдайæны хæсты уæвын Давидæн, кæй зæгъын æй хъæуы, æнцон нæ уыд, фæлæ нæлгоймаг къæпхæнгай уыцы уавæртыл сахуыр. Не ’фсæддонты цы нырыккон техникæ æмæ хæцæнгæрзтæй ифтонг кæнынц, не ’мзæххон уыдонæй арæхстджынæй пайда кæны. Давид кæимæ службæ кæны, уыцы адæм кæрæдзиуыл æнувыд сты, бахъуаджы заман кæрæдзийæн баххуыс кæнынц.

Адæймагæн æппæтæй зынаргъдæр æмæ хæстæгдæр бинонтæ сты. Уарзондзинад, кæрæдзиуыл æнувыд уæвыны фæрцы адæймаг цыфæнды зындзинæдтæн кæй бафæраздзæн, уымæн æвдисæн – Гæззаты бинонтæ. Цæрды кæд цыфæнды уавæртæ сæвзæры, уæддæр ацы бинонтæ æппæтæй уæлдæр æвæрынц æнувыддзинад æмæ фидыд.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ**

**Хъæууон хæдзарад**

# Æфснайын райдыдтой

**Цæгатирыстойнаг зæхкусджытæ фæззыгæнд культуртæ æфснайын райдыдтой.**

Ацы аз нæ регионы фæззыгæнд культуртæ ахсынц, æмткæй райсгæйæ, 68,7 мин гектары фæзуат (уыдонæй мæнæу – 43,4 мин гектары, хъæбæрхор – 7,8 мин гектары, рапс – 17,2 мин гектары, зымæгиуатгæнæг лыстæг гæн æмæ тымбылхъæдур та – фæйнæ 0,1 гектары).

Цæгат Ирыстоны Хъæууон хæдзарады министрад æмæ «Россельхозцентр»-ы республикон хайады кусджытæ фæззыгæнд культурты хуымтæм рæстæгæй-рæстæгмæ цæст дардтой. Ныртæккæ хуымтæ сты нывыл уавæры.

Фæззыгæнд культурты фылдæр хай – 48,5 мин гектары (æппæт фæззыгæнд культурты 70 проценты) – æрбынæттон Мæздæджы районы.

Рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ацы культурты тыллæг рауайдзæн ахæм: мæнæу – 150 мин тоннæйы, хъæбæрхор – 25 мин тоннæйы, рапс та – 37 мин тоннæйы.

– Нæ регион мæркусæн ног технологитæй кæй пайда кæны, стæй хъæуунхæдзарадон техникæ кæй æлхæнæм, уыдæтты фæрцы фидардæр кæнынц республикæйы агропромышленнон комплексы экспортон авналæнтæ. Национ проект «Дунеон кооперaци æмæ экспорт» баххæст кæныныл архайæм, – зæгъы Цæгат Ирыстоны хъæууон хæдзарады министры хæдивæг **Къадзаты Игорь.**

**РЦИ-Аланийы Хъæууон хæдзарады министрады пресс-службæ**



Не ‘гъдæуттæ

# Хетæджы Уастырджи




**Сусæны мæй — июлы ирон адæмон бæрæгбæттæ райдайынц Хетæджы Уастырджийæ – фылдæр хатт вæййы июлы фыццаг хуыцаубоны. Уыцы бон ма сбæрæг кæнынц Дзири-дзуар æмæ Гæлиаты Авд дзуары бæрæгбæттæ.**

Хетæджы Уастырджийы кувæндон ис Куырттаты комæй рахизæн дæлвæзы. Йæ равзæрды фæдыл ис ахæм таурæгъ.

Раджы заман, XIV æнусы, нæ рагфыдæлтæ аланты Тимуры фыдгæндтæй йе ‘фсæдты æрдонгтæ byндзагъд ныккæнын куы сфæнд кодтой, уæд ма дзы къордтæ-къордтæ цæргæйæ баззад абоны Кæсæг, Хъæрæсе æмæ Хъубаны зæхх – сæ фыдæлты зæхх, Хъубаны цæугæдоны къабаз Стыр Зеленчукы был уыдонæй цард къийаз Инал. Уыд ын æртæ фырты: Биаслан, Аслæнбег æмæ Хетæг. «Биаслан сси кæсæджы къийæзтæн сæ мыггаджы фыдæл. Аслæнбег уыд æнæзæнæг», – афтæ фыссы Къоста йæ этнографион очерк «Особа»-йы.

Кæсæджы пысылмон дин куы стыхджын, Зеленчукы зылды алайнаг ирон чырыстон аргъуан та цаудмæ куы ‘рхаудта, бынтон куы сæдых, уæддæр Хетæг йæ ирон диныл йæ къух нæ систа. Уый тыххæй йæм суанг йæ бинонтæ дæр сфыдæх сты, сæхиуыл æй нал нымадтой. Уæд Хетæг йæ сæр райста Ирыстонмæ. Уый йе знæгтæ куы базыдтой, уæд æй, сæ дин сын кæй нæ райста, уый тыххæй йæ амарын сфæнд кодтой æмæ йæ фæсте расырдтой.

Хетæг æрбаирвæзт Æрджынарæгæй æмæ йæ ных сарæзта Куырттаты комы ‘рдæм. Фæлæ, абон Суададжы хъæу кæм ис, уырдæм хæстæг куы ‘рбахæццæ, уæд æй знæгтæ дæр æрбацæйййæфтой. Уыцы рæстæг æм Суададжы сæрмæ хъæды фахсæй фехъуыст хъæр:

– Хетæг хъæдмæ!!! Хъæдмæ!

– Хетæг хъæдмæ нал бахæццæ уыдзæн, фæлæ хъæд – Хетæгмæ! – дзуапп ратта Хетæг йæ хæрзгæнæгæн.

Уыйадыл хъæдæмбæрзт хохы фахсæй хъæд тыгуырæй сыстад æмæ Хетæджы алыварс тымбылæй февзæрд, знæгтæй йæ баауон кодта, бахъахъхъæдта. Уыдон фыртассæй фæстæмæ лидзæг фесты.

Афтæ, дам, равзæрд, Хетæджы къох, Хетæджы Уастырджийы кувæндон, Тымбылхъæды дзуар. Хъæд кæцæй сыстад, уыцы бынат фахсыл абон дæр у гæмæх.

Зæгъынц, къохы астæу, дам, уыд сатæг суадон. Хетæг фæлладæй йæ дойны кæмæй басаста, уый. Ам иудзæвгар фæци, стæй Куырттаты комыл ахызт Нармæ. Куырттатæгтæн радзырдта, дæлвæзы йæ Уастырджи знæгтæй куыд æмæ кæм фервæзын кодта, уый. Куырттатæгтæ йын сбæрæг кодтой йæ бынат æмæ Дзывгъисы Уастырджийы бæрæгбонмæ гæсгæ йæ бон. Уæд фæзынд Хетæджы Уастырджийы бæрæгбон, æмæ йæ фыццагдæр йæ боны бæрæг кæнын райдыдтой куырттатæгтæ. Къох ныр сси Ирыстоны кувæндæтты сæйрагдæртæй иу.

«Кæддæр Уастырджи Хетæгæн цы ‘ххуыс бакодта, сымахæн дæр уыйау уæ хъахъхъæнæг куыд уа, уыцы амонд уæ уæд!» – ныр афтæ арæх фæкувынц ирон адæм кæрæдзийæн.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты агъоммæ йæ бынмæ сылгоймаг нæ цыд, йæ ном ын ныр дæр нæ дзурынц. Тымбылхъæды дзуар æй уыдон хонынц. Сæ кувинæгтæ æмæ мысайнæгтæ-иу мидæмæ дзуарылæг сæ скува, сæ бинонты, сæ хæстонты, бæлццæтты, рынчыны йыл бафæдзæхса, уый тыххæй бар выстой нæлгоймæгтæй искæмæн, суанг къаннæг лæппутæн дæр. Хетæджы къохы бынмæ нæлгоймæгтæ ефс бæхтыл дæр нæ цыдысты.

Хæсты тызмæг азты хæстхъом нæлгоймæгтæ тохы быдыры цагъды куы кодтой, æмæ алчи йæ бæлццоны, мæлæтæй йын тæрсгæйæ, Хетæджы Уастырджийыл бафæдзæхсынмæ йæхи куы ивæзта, афтæмæй йын йе 'ртæ æртæдзыхонæй йæ быны скувæг нæлгоймаг куы нал уыд, уæд ирон сылгоймаг ахызт ацы ‘гъдауы сæрты. Ныййарджытæ, устытæ, чызджытæ сæ хæстонты Тымбылхъæды кувæндоны Лæгты дзуарыл фæдзæхстой сæхæдæг:

Хетæджы къохы бæлæстæн ам æввахс хъæдты æмбал нæй – бæрзонд фæцыдысты, уæрæх ныззылдысты. Кæрз бæласы бæрзæнд дзы хæццæ кæны 40 метрмæ, йæ зæнг – 2 метрмæ. Иуæй, йæ ран хъæздыг у мæрæй, иннæмæй, кувæндон у, адæмы фарнæй – æвæджиау хайджын. Цард-цæрæнбонты йæ ирон адæм цæстыгагуыйау хъахъхъæдтой, къалиу расæттын, сыф рахæссын дæр дзы нæ фæтчы. Къохы алыварс ныллæг хъæдгæндтæ бирæ уыд. Уыдонæй, стæй стыр хъæдæй дæр æм сырд арæх æфтыд, æмæ уый амарын дæр не 'мбæлд. Къохмæ хæстæг хъæды мард сырдæй та дзуары бын кодтой куывд, хæдзармæ хæссæн дзы нæ уыд. Къохæн йæ хуылфы, стæй, йæ хурныгуылæн фарс цы суадæттæ уыд, уыдоны сатæг донæй дæр Уастырджимæ кувгæ кодтой.

Хетæджы бынæй хæдзармæ сыфтæр дæр рахæссын кæй нæ фæтчы, куы рахæссай, уæд та дæ был, æфсæр, цæстытæ кæнæ, бæрзæй кæй ныззылын уыдзæн, суанг куырм дæр кæй бауыдзынæ, уый фæдыл бирæ хабæрттæ фехъусæн вæййы. Цы дыргъытæ: кæрдотæ, æнгузтæ, æхсæртæ, æхсынцъытæ æмæ æндæртæ дзы ис, уыдонæй дæр хæрæн ис æрмæст уым, кæнæ рахæссæн къохы алыварс хæстæг быдыртæм.

Хетæджы Уастырджийы кувæндоны бынмæ ныры дуджы сæ кувинæгтимæ цæуынц Ирыстоны æппæт рæттæй дæр: Цæгатæй – Хуссармæ, Хурыскæсæнæй – Хурныгуылæнмæ. Æмæ уый хуымæтæджы нæу: фæдзæхсынц ыл сæ кæстæрты, сæ бæлццæтты, сæ рынчынты, сæ арфæйаг хъуыддæгтæ, сæхи æмæ, куыд æргом зæд у, афтæ сын æргом æххуыс кæны.

Бирæ хорз бæрæгбæттæ ис ирон адæммæ. Куыдхуыздæрæй сыл сæмбæлыныл фæархайынц. Уæлдай æхсызгондæрæй та æмбæлынц æппæт ирон адæмæн иумæйаг бæрæгбæттыл. Иумæйагдзинад ирон адæймагæн йæ удыхъæды ис. Йæ цæхх æмæ кæрдзын йæ сыхагимæ куы адих кæны, уæд йæ фарсыл хуыздæр бахæцы, сусæг комдзаг йæ хъуыры нæ цæуы.

Хетæджы Уастырджийы бæрæгбон дæр ахæм кадджын уымæн сси, æмæ ныл иудзинады ‘нкъарæнтæ ‘фтауы, кæрæдзийыл нæ йæ фарнæй бæтты. Ирон адæмæн иумæйаг сси, иумæ йæм кувынц, йæ ном ын æмхуызон нымдгæнгæ арынц. Уымæй ма йæ бонимæ баст у, иумæйаг сын чи у, уыцы иннæ кадджын æмæ цинæвдылд бæрæгбон — Кæхцгæнæнтæ. Вæййынц Хетæджы Уастырджийы бæрæгбоны хæдфæстæ – хуыцаубоны.

# Кæхцгæнæнтæ

**Кæхцгæнæнтæ царды фидæныл цины бæрæгбон у, æнусты нæ, фæлæ, мингай азты размæ дæр нæ фыдæлтæм кæй уыд, уый бæрæг у Нарты кадджытæй. Æхсызгонæй кæнынц йæ кой. Кадæг Къæцциты дузон (мæнг) Сатанайы Къæццитæ туджы фиддонæн Нартæй æрцагуырдтой Сатанайы. Йæ хорзы кой сæм байхъуыст, фæлæ йæ уынгæ ничи фæкодта. Æмæ сын уымæ гæсгæ Нартæ сайдæй Сатанайы бæсты раттой къулбадæг усы чызджы. Чызгæн Къæццитæм лæппу куы райгуырд, уæд йæ цæгатæй — Нартæй æркуырдта кæхц, йæхицæн та — мады бæх.**

Кæхцгæнæнтæ сты лæппуйы куывдтæ, лæппуйы райгуырдыл циндзинад æвдисæн, зæдтæ æмæ дауджытыл æй фæдзæхсæн бæрæгбон.

Нæ фыдæлтæ цард-цæрæнбонты фырты райгуырдмæ бæллыдысты. Уымæн æмæ, иуæй – быдар, бинонты ног фæлтæр адарддæр кæнын уымæ кæсы, иннæмæй та — ныфс æмæ хъару уыд; фæдисы — фæдисон, хæсты — æфсæддон, куысты — гутондар æмæ хосдзау. Хуымæтæджы нæ бæллыдысты йæ райгуырдмæ, ног азы арфæтæй, суанг "Хæдзаронты" зарæджы рæнхъытæй дæр иу, "уæ чындз тыр куыд ныййара", зæгъгæ, хуымæтæджы нæ уыд. Ног чындзы хыз исгæйæ ныр дæр хызисæджы куывд — Сæры зæды фарнæй йæ куринаг вæййы: "авд кæнæ фараст лæппуйы æмæ иу цъæхцæст чызг".

Фырты райгуырдмæ бæлгæйæ, мадæлтæ куывтой Мады зæдмæ, Мады Майрæммæ, фыдæлтæ — Фыры дзуармæ. Сæ куывд хъуырыцъарæй уыд æмæ ныр дæр вæййы, фæд-фæдыл чызджытæ кæмæн фæгуыры, уыцы чындзæн, йæ бинонтæн, йæ цæгатæн. Æмæ та йын чызг куы райгуыры, уæд ма сæ маст суадзынц ноггуырдæн ахæм арфæйæ: "Дæ къах дзыккайы тъыст фæуæд!" Чындзы цæгатæн та — "Иннæ хатт кæхцгæнæны хæсджын куыд фæуат, уый уын Хуыцауы цæст бауарзæд!"

Кæхцгæнæнтæ-иу æнхъæлцау кæй чындзы ‘рæййæфтой, уыдонмæ изæрæй хæдзаронтæгæнæгау цыдысты нæлгоймаг æвзонг фæлтæр даргъ хъилимæ æмæ хъæр кодтой: "Фарн, фарн! Сæ чындзæн сын ратт фараст лæппуйы æмæ иу чызг!" Уый фæстæ-иу хъилыл къæдзынæг бакодтой, ердойы-иу æй бынмæ ауагътой. Фысымтæ-иу стыр æхсызгонимæ, раздæр кæй æрцæттæ кодтой, уыдон — алыхуызы адджинæгтæ, хæринæгтæ къæдзынæгыл бафтыдтой, æмæ сæ-иу лæппутæ уæлæмæ сластой сæхицæн минасæн.

Кæхцгæнæнты, раздæр æмæ ныр дæр, чызджы фæстæ лæппу кæмæн райгуыры, уыцы бинонтæ сфыцынц дзыкка, къусы йæ æруазал кæнынц, стæй дзы, æртæ чъирийы скувгæйæ, фырты размæ цы чызг райгуырд, уый къахвæд сисынц. Куы райгуырд, уæд ын цæмæ фæкувынц, уый — "дæ къах дзыккайы тылд фæуæд" — сæххæст кæнынц.

Кæхцгæнæнты стыр хæс æвæрд ис каист — чындзы цæгатыл. Кæхц уыдон хæссынц. Кæхцгæнæнты ‘рцыдмæ лæппуйы мадæрвадæлтæ ахъуыды кæнынц, бæрæгбоны сæ цы ‘гъдау раттын хъæуы, ууыл. Сæ чызджы хæдзармæ цы кæхцы хуыын хæсдзысты, уым цытæ хъуамæ уа. Сæ хæстæджыты зæрдæтæй цæмæйты барухс кæндзысты, ноггуырды цæмæй барæвдаудзысты, сбуц кæндзысты, уыцы фарстатыл бинонtыг ахъуыды кæнынц сæ хуыны. Æнæмæнг хъуыддæгтæ сты æртæ хæбизджыны (æхцин), дæс литры бæгæны, дæс литры арахъхъ, фыр кæнæ фыркъа кусæрттаг, лæппуйæн



— гуыл, хъазæн бæх (раздæр байраг лæвар кодтой) кæнæ машинæ, иу фæлыст уæлæйы дарæс. Стæй æфсинæн, хицауæн, тиуæн, ходыгъдæн зæрдæлхæнæн лæвæрттæ. Уыдонæй уæлдай, кæмæй цы ‘нтысы, чи цæмæй хæсджын у, уымæ гæсгæ.

Кæхц кæхцгæнæны бон ахæссынц сиахсы хæдзармæ хуындзаутæ. Уыдоны ‘хсæн, æнæмæнг, хъуамæ уой хистæр нæлгоймаг æмæ хистæр сылгоймаг, фысымтæн æгъдау раттын, кæхцы хуын равдисын чи базона, ахæмтæ. Уыцы хъуыддаджы сын иннæтæ та сты æххуысгæнджытæ.

Фысымтæ та базмæлынц, уазджыты ‘рбацыдмæ куыд бацæттæ гæнæн ис, афтæ, кад æмæ радæй сæ цæмæй арвитой, уый тыххæй. Цæмæй сыл хуыздæр бацин кæной, уый тыххæй фæдзурынц хæстæг хиуæттæм, сыхбæстæм.

Æрвылсæрд дæр Ирыстонмæ æрцæуы стыр бæрæгбон — Кæхцгæнæнтæ. Бирæ бинонты зæрдæтæ барæвдауы. Ахъуыды-ма кæнут фароны Кæхцгæнæнтæй — афæдзмæ цал ирон хæдзары райгуырд лæппу, цал хæрæфырты æмæ цал æфсины балæудзæн арынджы, фыдызгъæлæй дзаг аджы уæлхъус.

Хетæджы Уастырджийы бæрæгбонæй ацы бонмæ бирæ хъæуты, уæлдайдæр та Хетæджы къохмæ хæстæг хъæуты лæппу æмæ чызг фæсивæд изæрдалынгты фæндыры цагъдимæ заргæ æмæ кафгæ, сæ цæсгæмттæ бамбæхсгæйæ, пыскъуыл æмæ фыдхъуын уæлæдарæсы сойгæнгæ æрзилынц, хъæубæстæй ноггуырд лæппутæ кæмæ фæзынд, уыцы хæдзæрттыл. Фæхъазын, фæхудын кæнынц сыхбæсты стырæй-чысылæй, зæрондæй-ногæй, Кæхцгæнæнты комулæфт бауадзынц бинонтæм. Уыдон се 'рбацыдмæ вæййынц цæттæ: æртæ уæлибæхы, карк æмæ ирон бæгæныйæ. Уыцы хойрагæй фылдæр хатт сойгæнджытæ скæнынц æрмæст аходгæ, сыхы хистæрты бар сæ ныууадзынц, сæхæдæг уынгты кафгæ æмæ заргæ араст вæййынц иннæ фæрныг хæдзармæ.

Æрвылаз дæр фарнимæ æрцæуы Кæхцгæнæнты бæрæгбон Ирыстонмæ, æмæ фæрныгад вæййы йæ фынгтыл, рæдаудзинад — йе ссадкъух æфсинты зæрдæты, арвмæ фæхъуысынц хистæрты нуарджын куывдтытæ æмæ кæстæрты "Оммен!" Бæрæгбон æрбамбырдтæ кæны хæстæг хиуæтты, сыхæгты. Цин фæкæнынц Ирыстоны ног фæлтæрыл, кæрæдзийыл, се 'нгомдзинадыл. Æмæ дунейы фарн зæгъæд, нæ иудзинад фидар куыд уа, нæ цины нæ, фæлæ, нæ зыны дæр æдзух кæрæдзийы фарсмæ куыд уæм!

Кæхцгæнæнтæ — фарны бæрæгбон, нæ адæмы фæстагæтты, нæ кæрæдзи уарзынгæнæн бæрæгбон, æмæ дзы цыдæриддæр хорзæй ис, уыдон хъуамæ ирддæрæй зыной, фидар бынат æрцахсой нæ царды.

**ЦГЪОЙТЫ Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ»**

Аивады дæсны

# Æнæмæлгæ классикæ

**Республикæ сбæрæг кодта, УСФСР-йы, Цæгат Ирыстоны, Гуырдзыстоны аивæдты сгуыхт архайæг, Хаханты Дудары райгуырды 105 азы. Йæ ном æнгом баст у ирон музыкæйы историйы æнæхъæн дугимæ. Уый фæрцы фæзынд фыццаг национ опереттæ, фыста симфонитæ, балеттæ, зарджытæ.**




Сæ фылдæр бынат ссардтой республикæйы культурæйы сыгъзæрин фонды. Уæлдай бынат та йе сфæлдыстады ахста адæмон фольклор æмæ музыкалон традицитæ бахъахъхъæныны хъуыддаг. Хаханты Дудар райгуырд сфæлдыстадæй хайджын бинонты ‘хсæн, йæ фыд разамынд лæвæрдта оркестрæн, уыд дирижер, кларнетист, йæ фыдыфсымæр уыд актер, цагъта фæндырыл.

Раст ын цыма аивадæн лæггад кæнын Дунесфæлдисæгæй лæвæрд уыд, ахæм уыд лæппуйы сконд. Тбилисы паддзахадон консерваторийы ахуыр кæнгæйæ дæр, музыкæ сфæлдисынмæ хорз арæхст. Абон ын, йæ ном дзургæйæ, уырдæм æфтауæм ныхас «фыццаг». Йæ удрæбынтæй фæзынд опереттæ «Хадзериффæ», уæдæ балеты бон дæр ирон уæвын кæй у, уый дæр загъта Хаханы-фырт. «Ацæмæз æмæ Агуындæ»-йы кафты сюитæ уарзта Дудараты Вероникæ, балет «Хетæг»-ы та кафыд Адырхаты Светланæ.

Йæ царды кæронмæ дæр йæ музыкалон курдиатыл куыста, музыкалон культурæйы ссис æвæджиауы дæсны, йæ зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинад бæрзонддæр кодта. Диссаг уыд, музыканттæн йæ сфæлдыстад цы æхсызгондзинад хаста, уый дæр. Йе сфæлдыстады цардис ирон уд. Йæ дæсныйад баст уыд скрипкæимæ, йæ сабидугæй цагъта бирæ музыкалон инструменттыл. Уыцы авналæнтæй арæх пайда кодта царды мидæг.

Сфæлдыстадæй хайджын композитор ма уыд иттæг хорз педагог дæр. Хаханты Дудар куыста Хуссар Ирыстоны драмон театры, сывæллæтты музыкалон скъолайы, Цæгат Ирыстоны кафт æмæ зарды паддзахадон ансамблы аивадон разамонæгæй, уыцы бынат фæстæдæр ахста Хуссары дæр. Йæхи снывонд кодта иртасæн куыстæн, æмбырд кодта национ фольклор, ногæты æмбырдгæндтæ мыхуыр кодта, фыста æрмæджытæ.

Нæ республикæйы Композиторты цæдисы разамонæг дæр уыд Хаханы-фырт, Цхинвалы та уыд горæты советы депутат. Уыцы рæстæг йе сфæлдыстадон куыст нæ баурæдтæ, уый аивады йæ фæдыл чи цыд, уыдонæн уыд дæнцæг. Царды та йæ фæзмыдтой йæ бинонтæ, хиуæттæ. Йæ фæстаг симфони Хаханты Дудар ныффыста йæ царды кæрон. Цхинвалы трагеди баззад нотæты. Цæмæдæргæсгæ, йæ зæрдæ, йæ уд цы музыкæйы бавæрдта, уый стыр сценæмæ нал рахастæуыд. Фæлæ ацы зындгонд композиторы ном цæры йæ иннæ сфæлдыстадон уацмысты, дæсгай азты фæстæ дæр хъуысынц, уымæн æмæ сты æнæмæлгæ классикæ…

**ХЪАЛÆГАТЫ Надеждæ**

Ног чингуытæ

# Сæ цард æмæ сфæлдыстад – йæ мысинæгты

**Ирон литературæйы зиууæттыл, се сфæлдыстадон хæзнатыл нæ цæст куы ахæссæм, уæд адæймаг æрцæуы ахæм хъуыдымæ: æвæдза, цас курдиатджын фысджытæ нæм уыд æмæ нын цас литературон бынтæ ныууагътой. Хъыгагæн, хистæр фæлтæры фысджытæй абон иугæйттæй йеддæмæ ничиуал ис.**







Амондджын у уыцы адæймаг, нæ литературæйы бирæ классикты ма чи ‘рæййæфта, семæ зонгæ æмæ хæлар чи уыди. Уыцы фæлтæры фысджытæй у нæ фæрнджын хистæр Хуыгаты Сергей дæр. Уый йе 'мдугон фысджыты тыххæй йæ мысинæгтæ афтæ рæсугъд æмæ бæлвырдæй рахаста чиныгкæсæджы размæ, æмæ сæ адæймаг йæхи ратонын нæ фæразы. Стыр арфæйаг куыст бакодта Хуыгайы-фырт, чиныг «Цардысты æмæ уыдысты» кæй рауагъта, уымæй. Уый руаджы нæ фысджыты цард æмæ архайдæй базыдтам бирæ ног хабæрттæ.

Мысинæгты чингуытæ ирон литературæйы фыццагдæр Гулуты Андрей æмæ Дзесты Куыдзæг ныффыстой «Мæ мысинæгтæ» æмæ «Нæ буц хистæртæ», зæгъгæ, ахæм нæмттимæ. Фæлæ уыдон рацыдысты советон дуджы, уæдæй фæстæмæ ахæм чиныг нал рацыд. Ныр уыцы хæс йæхимæ райста Хуыгайы-фырт. Ацы чиныг стыр æххуыс у фысджытæн сæхицæн дæр, журналисттæн, студенттæн…

Чиныджы нысан у, XX æнусы дыккаг æмбисы, XXI æнусы райдайæны чи цард æмæ куыста, Хуыгайы-фырт хæларæй кæимæ цард, уыдоны тыххæй йæ мысинæгтæ радзурын. Æмæ уый йæ къуxы бафтыд. Автор йæ размæ нæ сæвæрдта се сфæлдыстадыл дзурыны хæс, кæд сыл ранæй-рæтты йæ цæст ахæссы, уæддæр, фæлæ, се ‘рвылбоны царды куыдæй зыдта, уый радзурын йæ бон баци. Уыдон сты Дзесты Куыдзæг, Дзаттиаты Тотырбег, Плиты Грис, Цæрукъаты Алыксандр, Нафи, Дзаболаты Хазби, Бицъоты Грис, Малиты Васо æмæ Ходы Камал.

Хуыгаты Сергей Нафийы тыххæй цы мысинæгтæ фыссы, уыдонæй мæ фæнды скъуыддзаг æрхæссын: «Æгуыстæй нæ фæрæзта Нафи — мæнæ цыма рынчын уыди, æмæ куыст йæ хос уыди. Æмæ-иу улæфты сахат дæр æнцад не 'рбадтаид. Нæдæр, йемæ чи уыдаид, уыдоны æруагътаид æнцад бадын. Йæ дзыппæй-иу ручкæ фелвæстаид æмæ райдыдтаид исты бæлвырд кæнын… Дæргъвæтин бадтмæ-иу куы бахауд, уæд-иу дыууæ-æртæ рæгъы фæстæ бахъæлдзæджы бæсты æнкъард кæнын байдыдта. Йæ цæсгомыл-иу зынди: «Тæхуды, ардыгæй аирвæз æмæ дæ фыссæн стъолмæ бабад». Æмæ-иу куывдтытæм дæр дзæбæх нал хъуыста».

Чиныджы бирæ ис хъæлдзæг мысинæгтæ дæр, æмæ сыл адæймаг фæхуды. Цæрукъаты Алыксандрæн йæ тыл лæгуын уыд, æмæ дзы æфсæрмы кодта. Йæ фæсхъустæм цы хил зад, уый даргъ рауагъта æмæ-иу æй йæ сæрыл æрбатыхта. «Иухатт стыр библиотекæйы литературон изæр уыд. Алыксандр дзы касти æмдзæвгæтæ. Асинтыл куы рацæйхызт, уæд къæпхæныл раст нæ фæлæууыд æмæ йæхи ахаста размæ. Фæлæ диссаг уый уыд, æмæ, чи фæцæйхауы, уый йæ къухтæ размæ ахæссы, цæмæй йæхи ма ныццæва, уый та йæ сæрмæ фæлæбурдта — сæры лæгуын макуыцæй фæзынæд, æнæуый цыфæнды уæд. Адæмæн сæ хъæрхæнцъа нал æнцад, æмæ сæм Фысджыты цæдисы сæрдар Малиты Васо трибунæйæ хъазгæйæ æрдзырдта: «Не беспокойтесь, товарищи! Александр не упал. Настоящие поэты не падают». Ахæм хъæлдзæг цаутæ бирæ ис йæ мысинæгты. Хуыгаты Сергейæн йæ уацмыстæй юмористон чи нæ вæййы, уыдоны дæр алы хатт цыдæр æмбæхст, дæлгоммæ юмор вæййы, æмæ уымæй хæдхуыз кæны фыссæджы сфæлдыстад.

Ацы чиныг чи бакаст, уыдон се 'ппæт дæр зæгъынц: райстам дзы стыр æхцондзинад, базыдтам дзы нæ фысджыты цардæй бирæ ног цаутæ.

Йæ разныхасы кæрон автор йæхи тыххæй зæгъы: «Чиныджы ныхас кæуыл цæуы, уыдонимæ авторæн се 'ппæтимæ дæр уыд хæстæг ахастытæ. Сæ бынæттæ афтидæй кæй баззадысты йæ царды мидæг æмæ кæсын кæй нæ фæрæзта сæ афтид бынæттæм, уыцы хъуыддаг æй бафтыдта ацы чиныг ныффыссыныл дæр».

Ацы чиныгæн йæ хæдфæстæ рацыд Хуыгайы-фырты роман «Айсет» дæр. Уый райдианы скъуыддзæгтæй мыхуыргонд цыд журнал «Мах дуг»-ы фæрстыл, стæй рацыд хицæн чиныгæй. Ныр та чиныг рацыд уырыссаг æвзагыл, ратæлмац æй кодта Сергейы фырт, фыссæг æмæ ахуыргонд Хуыгаты Ирлан.

Ацы уацмыс Сергейæн у автобиографийы хуызы фыст. Ивгъуыд æнусы 50-æм азты автор ахуыргæнæгæй кусынмæ æрвыст æрцыд Дагестаны хъæу Ансалтамæ. Фыссæг авайраг адæмы цард æмæ культурæ, æрвылбоны архайд афтæ хорз равдыста йæ романы, æмæ уый руаджы мах базыдтам æндæр адæмы цардыуаг. Арфæйаг куыст бакодта Ирлан дæр, тæлмацы фæрцы чиныгкæсджыты аудитори кæй фæуæрæх кодта, уымæй.

Иу ныхасæй, Хуыгаты Сергей йæ ног чингуытæй бирæ фæхъæздыгдæр кодта ирон литературæйы къæбиц, æмæ арфæйаг уæд.

**ДЖУСОЙТЫ Нинæ**

Конкурс

# Цæгат Кавказы хуыздæртимæ




**Постхæссæджы куыст æнцон никуы уыдис. Сæрдæй-зымæгæй, хурæй-къæвдайæ сæ хызынтимæ цæуынц нæ горæтты æмæ хъæуты уынгты, адæмæн хæссынц газеттæ, журналтæ, уыимæ, посты хайад кæны æндæр лæггæдтæ дæр.**

«Уæрæсейы пост» расидтис æппæтуæрæсеон конкурс профессионалон дæсныдзинадæй. Цæгат Ирыстоны посты бастдзинады управленийы минæвæрттæ **Годжысаты Эммæйы** разамындæй конкурсы Цæгат Кавказы регионты 'хсæн къæпхæны сты хуыздæртимæ.

Стъараполы посты бастдзинады федералон управленийы сæмбырд сты ацы къабазы ахсджиагдæр кусджытæ: посты бастдзинады хайæдты разамонджытæ, оператортæ, постхæсджытæ, æндæр куыстгæнджытæ æмæ шофыртæ. Цæгат Кавказы федералон зылдæй конкурсы архайдтой 25 адæймаджы. Уыдон иууылдæр систы, июны чи уыд, уыцы регионалон ерысты уæлахиздзаутæ.

Бастдзинады хуыздæр операторыл нымад æрцыдис **Куыдзиаты Зæринæ** Беслæнæй.

Мæздæджы почтамты сортировкæгæнæг **Оксана Инютина** бацахста дыккаг бынат йæхи номинацийы. **Сехъоты Эльбрус** Беслæны посты хайады шофырæй кусы, йæ арæхстдзинадмæ гæсгæ райста «бронзæ».

Конкурсы домæнтæ рабæрæг кодтой профессионалон зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинад. Йæ архайджытæ дзуапп лæвæрдтой бирæ фарстытæн, æрвитинæгтæ равзарыны фæткæвæрд, финансон хъуыддæгтæ, куысты æндæр сусæгдзинæдты тыххæй. Йæ хæслæвæрд рæвдздæр æмæ лæмбынæгдæр чи бацæттæ кодта, уыдон систы уæлахиздзаутæ.

Теоретикон хайы фæстæ шофыртæ сæ зонындзинæдтæ æвдыстой бынæттон ДОСААФ-ы автодромы, сортировкæгæнджытæн дæр скодтой ерысы хъæугæ уавæртæ. Конкурсы архайджытæ сæхæдæг куыд бафиппайдтой, афтæмæй фысымтæ хæрзхъæд æмæ оперативон куыстæн цыбыр рæстæгмæ бацæттæ кодтой сæрмагонд уавæртæ.

Регионты 'хсæн ерысты сæхи номинацийы уæлахиздзаутæ систы **Наталья Кесель** горæт Прохладныйæ, **Кокойты Жаннæ** Налцыккæй, **Еленæ Пригодина** Стъараполы крайæ, хуыздæр шофыр **Мурад Мурзабеков** горæт Сунжæйæ.

«Куыстыл иузæрдиондзинад»-ы сæрмагонд номинаци снысан кодтой Стъараполы крайы «Уæрæсейы пост»-ы профцæдистæ (йæ сæрдар – **Раиса Мухортова**). Ацы кадджын хæрзиуæг æрхаудта Цæцæны Республикæ горæт Аргуны посты хайады хицау **Милана Мусаниповамæ**.

– Профессионалон дæсныдзинады конкурс æрмæст хуыздæр специалистты нæ рабæрæг кæны, фæлæ ма посты кусæджы кад бæрзонддæр кæны. Ацы азы конкурс равдыста, нырыккон нымæцон фæрæзтимæ хорз кæй арæхсынц, уый. Ныртæккæ уыцы зонындзинæдтæ уæлдай ахсджиаг сты. Архайджытæ иууылдæр уыдысты хорз цæттæ, – загъта «Уæрæсейы пост»-ы Цæгат Кавказы регионты къорды директор **Александр Плотников.**

Уæлахиздзаутæ архайдзысты профессионалон дæсныдзинады æппæтуæрæсеон конкурсы Мæскуыйы.

Зæгъын хъæуы, «Уæрæсейы пост» бастдзинады кусджыты профцæдистимæ ахæм ерыстæ ныр фынддæсæм хатт кæй аразы. 2026 азы конкурсы архайынмæ сæ курдиæттæ балæвæрдтой 2200 адæймаджы.

**Наталья РУДЕНКО**

Нæ юбиляртæ

# Йæ кæстæртæй — рæвдыд

**Æнæхин æмæ зæрдæхæлар бинонтæй зыдтой стыр Елхоты Бохаты Юри æмæ йæ цардæмбал Тменаты Раисæйы. Хъыгагæн, Юри цалдæр азы размæ ацыд йе 'цæг дунемæ, фæлæ Тменон дарддæр хæццæ кæны хæдзары æмæ Бохаты мыггаджы фарн. Æрæджы йæ райгуырдыл сæххæст 85 азы.**

— Хорз зыдтон æмæ абон дæр зонын Бохаты æмæ Тменаты бинонты, — зæгъы Елхоты хъæуы абоны хистæртæй иу, Цæгат Ирыстоны кадджын ветеран **Хабæты Батмырзæ**. — Куы бахæстæг кодтой, уæд сæ цинил цин кодтой æгас хъæубæстæ. Дыууæрдыгæй дæр — хæрзæгъдау, æфсармджын, зæрдæхæлар æмæ фæллойуарзаг адæм. Уымæн сын уыдис стыр кад æппæт хъæубæс-ты.

Хæсты сывæллæтты фæлтæры минæвар Раисæ хæрз æрыгонæй æрлæууыд фæллойы фæндагыл. Балæууыд йæ мады фарсмæ æмæ йын æххуыс кодта, йæ хъæру цас амыдта, уый бæрц. Астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ бацыд Елхоты консервгæнæн заводмæ хуымæтæг кусæгæй. Уæлдæр ахуырад райсынæн ын фадат нæ уыд. Тменон куыстуаты æппæт фæллойгæнджытæн дæр йæхи бауарзын кодта, хæдæфсарм æмæ æнæзивæг кæй уыд, уымæй. Фæлтæрдджын кусджытæ та йын æнæвгъау амыдтой куысты сусæгдзинæдтæ.

Никуы рох кодта Раисæйæ ахуыры фæндаг, йæ фадæттæм гæсгæ райста базарадон кусæджы дæсныйад æмæ фæкуыста Кировы районы фæлхасадон къабазы пенсимæ рацæуыны онг.

Йæ цардæмбал Юриимæ схъомыл кодтой æмæ царды фæндагыл сарæзтой иунæг цъæхдзаст чызджы. Уый дæр у сæхи хуызæн уæздан, адæмæн уарзон йе 'гъдау æмæ йе 'фсармæй. Ныр йæхицæн ис æртæ хъæбулы, уыдоны рæвдауынæй мадымад не 'фсæды.


Галиуырдыгæй рахизырдæм: ТМЕНАТЫ Тамерлан, БОХАТЫ-ТМЕНАТЫ Раисæ, КЪУБАЛТЫ Солтан, БЕДОЙТЫ Феликс

— Афтæ бафæндыди Томæ æмæ сиахс Энгельсы, цæмæй ацы бон нæ æртæ кæрдзынмæ æрхонæм нæхиуæтты, мыггаг, сыхбæстæ, — дзырдта Тменон. — «Нæ» зæгъын сын не сфæрæзтон.

Æмæ рæсугъд рауад йæ бæрæгбон Бохаты-Тменаты Раисæйæн. Æрбамбырд сты йæ цинил бацин кæнынмæ йæ тиу Барисы (рухсаг уæд) фырттæ **Батрадз** æмæ **Чермен** сæ бинонтимæ, Бохаты мыггаджы минæвæрттæ, бирæ хиуæттæ æмæ хæлæрттæ, сиахсы бинонтæ. Иу иннæмæй хуыздæр арфæтæ фæкодтой юбилярæн.

Сæмбæлдысты бинонты бæрæгбоны кадджын уазджытæ дæр: Кировы районы Ветеранты уынаффæдоны сæрдар **Бедойты Феликс**, «Аланты Ныхас»-ы районы хайады уынаффæдоны сæрдар **Къубалты Солтан**, ацы хайады хистæрты къорды сæрдар **Хабæты Батмырзæ**. Кировы районы ныр дыууын азæй фылдæр ис хорз фæтк: хистæр фæлтæры минæвæртты районы разамынды Кады гæххæттæй схорзæхджын кæнын. Уазджытæ уыцы хæс сæххæст кодтой. Кады гæххæтты загъд ис: «Бирæ азты æнæзæрдæхудт фæллой кæй фæкодта æмæ Кировы районы райрæзтмæ стыр бавæрæн кæй бахаста, уый фæдыл æмæ йæ райгуырды 85 азы кадæн. Районы администрацийы сæргълæууæг Батиаты Хъазыбег».

Бедойты Феликс ма юбилярæн скодта зæрдылдарæн лæвар районы хистæр фæлтæры номæй.

Сæ цард сæхи фæндиаг рæсугъд æмæ амонджынæй цæуæд Тменаты Раисæ æмæ йæ байзæддæгтæн!

**КЪУБАЛТЫ Аркади**

Фæлварæн

# Не 'мзæххон фæуæлахиз

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты экономикæ æмæ разамынды факультеты маркетинг, менеджмент æмæ туризмы кафедрæйы ассистент Вячеслав САННИКОВ фæуæлахиз «Росмолодежь»-ы дунеон проект «Проводники смыслов. Экскурсоводы»-йы.**




Конкурсмæ не 'мзæххон бавдыста зындгонд фыссæг Михаил Булгаковы райгуырды 135 азы кадæн арæзт фыццаг цæгаткавказаг иммерсивон гастрономон спектакль-балц «Булгаков. Начало». Президенты культурон фæндæтты хайады æххуысæй проект баххæст кодта Цæгат Ирыстоны Экскурсиамонджытæ æмæ гидтæ-тæлмацгæнджыты ассоциаци. Вячеслав Санников у ассоциацийы президент.

Экскурси, театралон архайд æмæ фыссæджы дуджы гастрономон авналæнтæ спектакль-балцы баиу сты, Михаил Булгаковы цард æмæ сфæлдыстадимæ баст чи у, балц цæуы Дзæуджыхъæуы фондз ахæм ахсджиаг бынаты: Дзæуджыхъæуы историон музей, Булгаковты бинонтæ фатер кæм баххуырстой, Маяковскийы уынджы 9-æм хæдзар, фыссæджы цыртдзæвæн, Гæздæнты Гайтойы номыл фæсивæдон чиныгдон, стæй Евгений Вахтанговы номыл Уырыссаг академион театр. Экскурсийы рæстæг балцы архайджытæ базонгæ сты, Булгаков Дзæуджыхъæуы цы азтæ равдыста, йæ царды уыцы хаимæ, стæй рагон амынддзинæдтæм гæсгæ конд ирон хойраг ацахуыстой.

Амынд проект арæзт у экскурсион хъуыддаджы райрæзты фæрцы Уæрæсейы адæмты иудзинад фæфидар кæнынмæ, стæй, фæсивæд нæ бæстæйы адæмты æгъдæуттæн кад цæмæй кæной, уымæ.

Конкурсон фæлварæн æнтыстджынæй раттæг Вячеславы æрбахуыдтой Смоленскы рæстæг проекты комкоммæ хайы архайынмæ. Не 'мзæххонæн йе 'нтыстдзинады фæдыл зæрдиаг арфæ кæнæм.

**ЦИПУ-йы пресс-службæ**

Барадхъахъхъæнджыты куыст

# Лæгдзинады урок



Æрæджы Уæрæсе бæрæг кодта Фыдыбæстæйы Стыр хæсты райдайæны 81 азы.

Уыцы бон Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады æнахъомты хъуыддæгты дæлхайады инспектор Дзуарыхъæуы скъолайы лагеры фæлладуадзæг ахуырдзаутæн амыдта лæгдзинады урок «О героях былых времен...»

1941 азы 22 июны фашистон Герман нæ бæстæмæ, гадзрахатæй йыл рацæугæйæ, кæй æрбалæбурдта, стæй, знаджы фыццаг цæф кæуыл сæмбæлд, уыцы советон æфсæддонтæ бирæгæйттæй хъæбатырдзинад кæй æвдыстой, скъоладзаутæ уыдæттæ базыдтой. Фашизмыл уæлахизмæ аккаг æвæрæн чи бахаста, инспектор хъомылгæнæг ахуырдзаутæн уыцы зындгонд инæлартæ – Плиты Иссæйы, Мамсыраты Хаджумар æмæ иннæты тыххæй дæр хабæрттæ радзырдта.

Скульптор **Санахъоты Сергей** хæсты фæмардуæвæг Гæздæнты авд æфсымæры кадæн цы номарæн комплекс «Хърихъуппытæ» сарæзта, уый фæлладуадзæг фæсивæд бабæрæг кодтой. Комплексы къæйыл фыст сты æфсымæртæ Мæхæмæты, Дзæрæхмæты, Хаджисмелы, Махарбеджы, Созырыхъойы, Шамил æмæ Хасанбеджы нæмттæ. Уæлахизы сæраппонд нæ Райгуырæн бæстæйы дзыллætæ стыр аргъ кæй бафыстой, Гæздæнты æфсымæрты хъæбатырдзинад ууыл дзурæг у.

Лæгдзинады урок рæзгæ фæлтæры патриотон хъомыладæн ахъаз кæй кæны, уый дызæрдыггаг нæу.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ




**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

**Покраска ворот компрессором, не снимая ворот. Тел.: 8-918-706-65-15 (Казбек).**

**Услуги электрика Оказываю услуги электрика качественно, надежно. Все виды работ с гарантией. Выезд и консультация бесплатно. Тел.: 8-918-702-00-82 (Казбек).**

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**

Номыры радхæссæг редактор — **Дедегкаты Зæлинæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг æмæ 4-аг фæрстæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ **– 25-93-36,** компьютерон цех **– 25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фонд хатты. Индекс 53901. Тираж 2300. Заказ № 716. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**